Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2021 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TÈS PÈMI APRANTI CHOFÈ SOU ENTÈNÈT DISPONIB KOUNYE A NAN TOUT ETA A

Pèmèt Nouyòkè yo pran tès pèmi an adistans epi ekonomize tan pou jwenn yon pèmi nan DMV

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke tès pèmi apranti sou entènèt pou Kategori D (veyikil pasaje) ak Kategori M (motosiklèt) disponib kounye a pou Nouyòkè yo nan tout eta a. Anons lan fèt apre lansman yon pwogram pilòt aplikasyon pou pèmi sou entènèt ane pase. Nouvo sèvis sa a pèmèt Nouyòkè yo kòmanse pwosesis aplikasyon pèmi an epi pran tès la depi lakay yo, sa k ap ekonomize kliyan an yon bann tan nan biwo DMV (Depatman Veyikil a Motè) a.

"Pandan n ap kontinye reyimajine lavni nan yon monn apre pandemi an, nou bezwen konsantre sou modènizasyon ak amelyorasyon fason nou bay sèvis gouvènman esansyèl pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo tès pèmi sou entènèt sa a pral rann li pi rapid ak pi fasil pou Nouyòkè yo kòmanse pwosesis aplikasyon pou yon pèmi apranti chofè depi lakay yo, sa k ap amelyore eksperyans jeneral kliyan an pandan sa ap redui tou anbouteyaj nan biwo DMV yo."

Komisè DMV a Mark J.F. Schroeder te deklare, "Nou antouzyas pou wè anpil Nouyòkè k ap pwofite aplikasyon pèmi sou entènèt la pandan pwogram pilòt la epi kounye a, nou kontan ofri opsyon konvenab sa a pou tout aplikan yo atravè eta a. Sa se yon lòt egzanp sou jan n ap amelyore fason nou sèvi Nouyòkè yo pou rann li pi rapid, pi fasil ak pi apwopriye pou tout moun".

Pran ak reyisi tès pèmi sou entènèt la pa pèmèt yo moun kondui. Apre ou fin reyisi tès sou entènèt la, aplikan an dwe toujou vini nan biwo DMV pou jwenn pèmi pou apranti li, sepandan, vizit li pral pi rapid ak pi konvenab epi pral pèmèt nou sèvi plis kliyan.

Pou asire kliyan yo pote tout dokiman yo bezwen nan biwo DMV a, nouvo aplikasyon sou entènèt la bay yon lis verifikasyon pou dokiman idantifikasyon ki nesesè epi egzije kliyan yo pou ajoute dokiman sa yo anvan yo kalifye pou pran tès pèmi sou entènèt la. Nan biwo k ap patisipe yo, reprezantan DMV yo pral answit revize dokiman yo anvan randevou ak kliyan an epi fè konnen si gen koreksyon ki nesesè, ede asire eksperyans kliyan an nan biwo DMV a osi kout ak senp posib.

Konsènan Tès Pèmi sou Entènèt

Anvan yo pran tès pèmi an, DMV ankouraje tout kliyan yo pou revize manyèl chofè a epi pran tès pratik yo. Yon fwa yon kliyan pare pou pran tès la sou entènèt, y ap mande li pou konekte anvan sou kont Idantifikasyon NY.GOV li a oswa kreye youn si li poko genyen deja. Sa pral ede asire sekirite kliyan an lè l ap ajoute dokiman li yo epi sa pral pèmèt kliyan an korije ak ajoute ankò dokiman yo, si nesesè. Yon fwa kliyan an konekte, konfime kalite pèmi li vle a, epi ajoute dokiman yo, l ap resevwa yon imèl avèk yon lyen pou pran tès pèmi an sou entènèt.

Tès pèmi apranti sou entènèt la pran anviwon 30 minit pou fini li. Apre reyisit nan tès sou entènèt la, yo pral mande aplikan yo pou fè yon rezèvasyon pou yo kapab ale nan yon biwo DMV pou pran foto epi fini pwosesis aplikasyon an.

Yo dwe pote avèk yo nan randevou a tout dokiman yo te ajoute yo. Dokiman yo dwe se orijinal oswa kopi sètifye. Moun ki reyisi nan tès yo gen de ane apati lè yo reyisi tès la pou fè yon rezèvasyon nan DMV epi fini pwosesis aplikasyon an.

Tout moun ki pran tès yo dwe pran tès la san lòt èd. Yon paran oswa responsab dwe sipèvize tès la pou nenpòt jèn ki gen 16 ak 17 ane, epi dwe akonpaye aplikan an nan DMV pou fini pwosesis aplikasyon an ak sètifye yo te sipèvize tès la.

Lòt Sèvis sou Entènèt

Anplis tès pèmi sou entènèt la, DMV te lanse yon pwogram pilòt enskripsyon veyikil sou entènèt nan otòn pase a. Nouyòkè k ap viv nan konte sa yo—New York, Kings, Queens, Bronx, Richmond, Nassau, Suffolk, Westchester, Rockland, Albany ak Konte Onondaga—kapab enskri veyikil yo sou entènèt sa gen ladan machin, kamyon, motosiklèt, ti bis, remòk ak veyikil lwazi. Sa elimine nesesite pou ale nan yon biwo DMV. DMV pral travay avèk klèje yo nan konte a k ap jere biwo DMV nan rès 51 konte yo pou elaji sèvis sa a bay kliyan yo.

DMV ofri tou plis pase 60 lòt tranzaksyon sou entènèt. DMV ankouraje Nouyòkè yo ki gen dokiman ekspire pou renouvle yo sou entènèt. Yo kapab renouvle yon lisans chofè, renouvle yon enskripsyon oswa renouvle yon ID ki pa pou chofè byen rapid ak fasil sou sitwèb DMV a. Kliyan yo kapab jwenn tou yon dosye kondui (rezime), chanje adrès yo, plede oswa peye tikè sikilasyon Vil New York ak frè ki asosye sou entènèt ak plis ankò.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU